ФИФI ФЫМЫГъЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГъЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№118 (24.088) ● 2020 гъэм фоIадэм (сентябрым) и 29, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Къэрал къулыкъущIапIэхэм

КIуэкIуэ Казбек хэтщ Урысеймрэ Белоруссиемрэ хыхьэ щIыналъэхэм я VII Зэхуэсышхуэм

УФ-м Федерацэмкlэ и Советымрэ Беларусым и Лъэпкъ зэхуэсымрэ я нэIэ щIэту фокIадэм и 28, 29-хэм Москвэрэ Минскрэ щокIуэкI Белоруссиемрэ Урысеймрэ я щIыналъэхэм и VII Зэхуэсышхуэр. Абы и лэжьыгъэм хэтщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек.

ЗЭХУЭСЫМ и ялэ махуэм къэралитIым я экспертхэр, властым и хабзэубзыху, гъэзэщIакIуэ органхэм я лыкIуэхэр, щIэныгъэлIхэр, видеолъэныкъ мардэр къаГъэсэбэпурэ, тепсэлъыхьнущ хэкуитIым я экономикэ зыужьныгъэм и унэтIныныгъэ нэхъыщхьэхэм, апхуэдэуи Белоруссиемрэ Урысеймрэ я щIыналъэхэм щэщIауэ зегъэужьыным мурадкIэ, къуажэдэс щIалэгъуалэр социальнэ, экономикэ IэнатIэхэм нэхъ жьыдэхэр щызэдзэлэжьэнымкIэ щыIэ Iэмалхэр егъэфIекIуэным. Къимыдэкlэ, абдежым щыхэплъэнущ щIэблэр хэкупсэу, жэуаплыныгъэ яхэлъу гъэсэным, тхыдэр ящымыгъупщэным, зэкъуэш лъэпкъхэм яку дэлъ зэпыщIэныгъэхэр гъэбыдэным, 1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм совет цIыхубэм къыщагъэлъэгъуа лIыхъужьныгъэр ящымыгъупщэным хуэгъэза Iуэхухэм.

Иужьрей махуэм видеоконференц мардэм тету, «ТекIуэныгъэ Иныр и лъабжьэщ Беларусымрэ Урысеймрэ я щIыхубэм я социально-экономикэ, псэкупсэ зэпыщIэныгъэм» фIэщыгъэм щIэту зэхэтынущ Форумым и пленарнэ зэIущIэр.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iапl э.

● КъБР-м и Парламентым

ЩIалэгъуалэр спортым деГъэхьэхыным гулъытэ хуащI

КъБР-м и Парламентым и Унафэщ I Егоровэ Татьянэ Хабзэубзыху орган нэхъыщхьэм и Президиумым хэтхэм я зэIущIэ иригъэкIуэкIащ.

ПРАВИТЕЛЬСТВЭ сыхьэтым щытепсэлъыхьащ КъБР-м физическэ культурэмрэ спортымрэ зыщегъэужьыныжьмкIэ къэрал программэр гъэзэщIа зэрыхьум.

КъБР-м спортымкIэ и министрым и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ Анаев Аслъэн и къэпсэлъэныгъэм къыхигъэщащ къэрал программэм ипкъ иткIэ, физическэ культурэмрэ спортымрэ зыхуэзыгъасэхэм папщIэ Iэмалхэр къызэрызэрагъэпэщыщ, спорт инфраструктурэм зэрызрагъэужьыр.

2020 гъэм зи гугъу тщIы къэрал программэм сом мин 858358,9-рэ трагъэкIуэдэнущ, абы щыщу сом мин 358058,2-р федеральнэ бюджетым щыщщ, сом мин 497161,5-р республикэ мылъкум къыхэкIащ, сом мин 3139,17-р щIыналъэ бюджетхэм яйщ.

Министерствэм и къэпщытэныгъэхэм къаГъэлъагъуэ республикэм исхэм ящыщу спортым дихьэххэм я бжыгъэр 2019 гъэм зэрыхэхуар, ар процент 40,3-м зэрынэсар. Анаевым жиIащ, 2020 гъэм ар процент 45,6-рэ хъуну зэрыхуагъэфащэр. Спортым дихьэхэр нэхъыбэ хъунымкIэ сэбэнщ абыхэм зыщагъэсэну пэщхьмрэ Iуэхущ IапIэхэмрэ къызэрызэIуахыр, а Iэнатlэм зэрызрагъэужьыр.

ЦIыху мин 36-м щIигъум спортым и лIэужьыгъуэ 37-м зыхуагъасэ, ахэр йокIуалIэ спорт Iуэхущ IапIэу 47-м. Спортым цIыхухэр драгъэхьэху республикэм щолажьэ спорт федерацэу 42-рэ.

Нобэкlэ коронавирус уз зэрыщIалъэм зимыуфыгъущэу, зэпIэзэрыту зэрекIуэкIым къыхэкIыу, спорт Iуэхущ IапIэхэм зыщцэхэуIум и 3-м щIадзэжауэ мэлажьэ, «Роспотребнадзор»-м къигъэув жьыпхъэхэр ягъэзащIэу. Фокlадэм къыщыщIэдзауэ республикэ, щIыналъэ, урысейпсо зэпеуэхэр, зэIущIэхэр ирагъэкIуэкIыну хуитщ. Ильэсыр икIыху зэхьэзэхуэ 30 къызэрагъэпэщыну я мурадщ.

Анаевым къыхигъэщащ, эпидемие щытыкIэр екIакIуэмэ, зэпеуэхэр ягъэIэпхъуэным зэрыхуэхьэзырыр.

2020 гъэр къызэрихьэрэ спорт Iуэхущ IапIэхэмрэ федерацэхэмрэ зэгъэусэу Iуэхугъуи 100-м щIигъу ирагъэкIуэкIащ, ди республикэм щыщ спортсменхэр дунейпсо, урысейпсо спорт зэхьэзэхуэу 85-м хэтащ, цIыху 95-р абыхэм щытекIащ.

«Спортыр ди гъащIэм щыщ Iыхьэщ», «Демографие» федеральнэ проектхэм ялкъ иткIэ, 2020 гъэм спорт Iуэхущ IапIэу 33-рэ яухуэнущ, спорт Iэмэпсымэхэр къащIэнущ. Апхуэдэуи спорт лIэужьыгъуэхэмкIэ щыджэгу утыку 25-рэ ящIынущ.

ЗэIущIэм Iуэхугъуэ куэд щызэпкърахащ. Егоровэ Татьянэ щIэупщIащ къэрал программэхэр щагъэзащIкIэ зрихьэлIэ лъэпощхьэпохэм.

Анаевым къыхигъэщащ спорт школхэм иджырей Iэмалхэр къыщагъэсэбэпу щылэжьэн Iэщ Iагъэлl ныбжьыщIэхэр ирикъуу зэрамыIэр, нэхъ пасэу яухуа спорт Iуэхущ IапIэхэр зэгъэпэщыжьын зэрыхуейр, тренерхэм я улахуэр зэрымащIэр, нэгъуэщIхэри.

ЗэIущIэм хэтахэр тепсэлъыхьащ республикэм исхэм я процент 50-р 2025 гъэм ирихьэлIэу спортым драгъэхьэныну хуагъэфащэу къаГъэлъэгъуа бжыгъэм зэрыхуэкIуэну Iэмалхэм, спорт цIыхубэм я къыхуаутIыпщ ахъшэм, спорт школыщIэхэр щаухуэну щIыпIэхэм, егъэджэныгъэ Iуэхущ IапIэхэм я утыкуэр спортым дихьэхэхэм къаГъэсэбэпыну Iэмал иIэрэ ямыIэрэ.

КъБР-м и Парламентым Физическэ культурэмкIэ, спортымрэ туризмэмкIэ и комитетым и унафэщI Бэрэгъун Арсен жиIащ сабийжмрэ ныбжьыщIэхэмрэ нэхъ ерыщу спортым дегъэхьэхын зэрыхуейр, интернетымрэ гаджетхэмрэ ямыIыгъын щхьэкIэ.

- ЦIыхур цIыхуу зэфIэувэныжмкIэ спортым мыхьэнэзыхуэ иIэщ, физкультурэрэзыныгъэм зэрисэбэпым и мызакъуэу, ныбжьыщIэм хьэлщэн дахэ иIэу егъасэ. Абы къыхэкIыу спортым гулъытэ хэха иIэн хуейщ, псом хуэмыдэу щIалэгъуалэр деГъэхьэныным хуэгъэзауэ, - дыщIигъуащ жаIахэм Егоровэ Татьянэ.

Правительствэ сыхьэтым иужькIэ депутатхэм зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьащ закон зыбжанэм я проектхэм, апхуэдэу проектыщIэхэм хэпльащ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ IапIэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщызэтрагъэувыIащ «Роспотребнадзор»-м игъэува мардэхэр къызэпызыуда IуэхущIапIитхум я лэжьыгъэр

«Роспотребнадзор»-м и Управленэу республикэм щыIэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым Узыншагъэр хъумэныкIэ и министерствэмрэ я унафэщIхэм фокIадэм и 25-м КъБР-м и Правительствэм и Унэм щагъэкIуэкIа зэIущIэм щытепсэлъыхьащ COVID-19 узыфэм теухуауэ щыIалъэм щыIэ щытыкIэм.

АБы щыIэзэпкъРАХАЩ КъБР-м щыIэ санитар-эпидемиологие щытыкIэр - тест къэпщытэныгъэхэр зэрыгарэкIуэкIыр, узыншагъэр хъумэн Iэнатlэр сымаджэхэр нэхъыбэ зэрыхьужьым зэрыхуэхъэзызыр, узыр зэуэлIахэр гъэхъужьныр, вакцинэр цIыхухэм яхэлъхьэныр, узыфэм зэрызыщахъумэ Iэмалхэр, Iэмэпсымэхэр къызэрагъэсэбэпыр, республикэм и Iуэхущ IапIэхэмрэ цIыхухэмрэ узыфэм зыщыхъумэным, шынагъуэншагъэм ехьэлIа мардэхэм зэрытетыр.

А Iуэхуэхэм щыхэплъэм, КъБР-м щыIэ санитар дохутыр нэхъыщхьэ Пагуэ Жыраслъэн къыхигъэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым сатум, цIыхухэм Iуэхутхъэбзэ яхуэщIэн и Iэнатlэхэм хыхьэ Iуэхущ IапIэ зыбжанэм я лэжьыгъэр къызэтрагъэувыIэн хуей зэрыхъуар, абыхэм «Роспотребнадзор»-м игъэува эпидемиологие мардэхэр зэрамыгъэзащIэм къыхэкIыу.

«Республикэм щыпсэуэхэм ящыщ куэдым, ди жагъуэ зэрыхъущи, къалъытащ узыфэм дытекIуаеу икIи абы зыщахъумэни хуэмеижу - нэкIыуIупхъуэхэр зэрахьэжьркъым, инфекцэм пэщIэтыным хуэгъэпса адрей хабзэхэри кърадзэжьркъым. А псом къыхэкIыу, дэ нэхъри набдзэгубдзаплъэу къыдопущIэ пIалъэкIэ яГъуэва хабзэхэр Iуэхущ IапIэхэм зэрагъэзащIэр, - жиIащ Пагуэм. - Къапщтэмэ, мы зэманым ирихьэлIэу къыщIэдгъэща ныкъусаныгъэхэм ятеухуа Iуэху 88-м судым щыхоплъэ, абыхэм ящыщу 25-м куэдыхэр ирагъэпшыныну унафэ къащтащ, хабзэр къызэрызэпаудам къыхэкIыу. Суд унафэкIэ къызэтрагъэувыIащ Iуэхущ IапIитхум я лэжьыгъэр - ерыскъы щIапIэ тыкуэнитI, унагъуэм къыщагъэсэбэп Iэмэпсымэхэмкlэ сату зыщIхэм ящыщу зы, зы универсам, дахагъэм щыкIэлъыплъ зы салон зэхуэщIащ. Ахэр щыпажьэрт Налшык, Бахьсэн къалэхэм, Малкэ, Къэщхьэтау жылэхэм. Санитар хабзэхэр къызэпызыудэхэр адэкIи ткIийуэ жэуапым ирашэлIэну зыхуэфащэ органхэм захуэдгъэзэнущ».

Управленэм и унафэщIым къыхигъэщащ санитар-эпидемиологие хабзэхэр нэсу ягъэзэщIэну Iуэхущ IапIэхэм я унафэщIхэм зэрыхуагъэувыну, цIыхухэри зыхуэсакъыжыну къыхуриджащ, зэхуэсыпIэхэм нэкIыупхъуэхэр щаIульыным мыхьэнэзыхуэ зэрИэри, къабзагъэр зыщагъэгъупщэ зэрымыхъунри ягу къигъэкIыжащ.

КъБР-м узыншагъэр хъумэныкIэ и министр Къалэбатэ Рустам жиIащ сымаджэхэр нэхъыбэ хъууэ зэрыхуежьэжам Iэнатlэм хыхьэ сымаджэщхэр, поликлиникэхэр, нэгъуэщI Iуэхущ IапIэхэр зэрыхуэхьэзыр, зыхуеинум хуэдиз гъуэлъыпIэхэри, хущхъуэхэри, узыфэм щыщызыхумэ нэгъуэщIхэри ирикъуу зэраIэр. Узыфэ нэхъ щынагъуэхэм щапэщIэт госпиталхэр кислородкIэ, ИВЛ-аппаратхэмкIэ къызэгъэпэщащ.

Министрым къыхигъэщащ КъБР-дей-Балъкъэрым щыпсэу куэд пыхуэсыхум пэщIэтыф мастэ зыхраГъэлъхьэну зэрыуэкIри, абы иIэ мыхьэнэр нэсу къаззэрыгурыIуэр. А мастэ лIэужьыгъуэр цIыху мини 130-м щIигъум зыхрагъэлъхьакIэщ, абыхэм ящыщу мин 34,5-р сабийщ. Я мурадщ республикэм исхэм я процент 60-м ар хаIыну.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ IапIэ.

● Хъыбар гуапэ

Къэбэрдей-Балъкъэрыр яхэтщ Урысеймрэ узыншэу псэуным гулъытэ нэхъыбэ щыхуащI и щIыналъитхум

Урысей хъыбарегъащIэ агентствэм и Iэщ IагъэлIхэм зэхалъхьэжащ узыншагъэм зэран хуэхъу хьэл мыхъумыщIэхэм защыдзеинымкIэ къэралым бжыпэр щызыIыгъхэр къэгъэнэIуэным хуэунэтIауэ ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэм кърикIуаехэр.

НАIУЭ къызэрыхъуащи, иджы еплIанэу абы бжыпэр щаубыдащ Кавказ Ищхъэрэ, Ипщэ федеральнэ округхэм хыхьэ щIыналъэхэм - Дагъыстэным, Шэшэным, Адыгеим, Краснодар крайм, Къэбэрдей-Балъкъэрым.

ЩIыналъэхэр зэрызэралъыт къэпщытэныгъэм хохьэ фадэрэ тутынэмкIэмрэ ерфэхэм, афиян зэзыхьэлIэхэм, спортым дихьэххэм я бжыгъэхэр, лэжьыгъэ IэнатIэхэм тыншыпIэхэр къызэрыщыхуэзэрагъэпэщыр. Къохутэныгъэхэм къызэрагъэлъагъуэмкIэ, илъэс кIуам нэхърэ Iуэхугъуэ нэхъыбэ щызэпалъытащ мыгъэрей рейтингым.

Хьэл-щэн мыхъумыщIэхэм зыдрамыгъэхьэжьу, узыншэу псэуным къыхуеджэныр цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным къыхуагъэсэбэп Iэмалхэм ящыщ хъущ иужьрей илъэсхэм икIи а лэжьыгъэм кIуэ пэтми зиужьурэ макIуэ. ЦIыху куэд зыщIэгупсысыжауэ яужь итщ я узыншагъэм зэран хуэхъуэхэр Iэщ Iыб зэращIыным, я Iэпкъ-лъэпкъым зезыгъэуцIуэ Iуэхуэм хэтыным, апхуэдэ щIыкIэкIи я гъащIэр зэрырагъэфIэкIуэным.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ IапIэ.

Гу зылъытапхъэ

КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм жэщми махуэми щолажьэ коррупцэм пэщIэтыным теухуауэ пIэщIэгъуэкIэ цIыхухэр здэпсалъэ хъуну телефонхэр:

8(8662) 40-89-70, 40-34-32.

Нобэрэ пщэдейрэ

Фокlадэм и 29, *гъубж*

♦Гум и дунейпсо махуэщ
♦Дэгухэм я дунейпсо махуэщ
♦Тхьэкlумэ, пэ, тэмакъ узыфэхэр зэуэлIахэр зыгъэхъуж дохутырым и махуэщ
♦1650 гъэм дунейм щыяпэу Лондон къыщыдэлIахащ нэчыхъ щатх IуэхущIапIэ.
♦1829 гъэм Лондон къыщызэрагъэпэщащ Инджылызым и полиц IуэхущIапIэр, Скотланд-Ярд зыфIащар.
♦1887 гъэм Германием къыщызэрагъэпэщащ «Гамбург» футбол командэр.
♦1907 гъэм Петербург къалэм трамвайм лэжьэн щIидзащ.
♦1916 гъэм «Стандарт Ойл» компаниер къызэзыгъэпэща Рокфеллер Джон дунейм япэу мелардырыбжэ щыхъуащ.
♦1956 гъэм Совет Союзым къыщыхэзрагъэпэщащ заэзэм хэтахэм я комитет.
♦Урыс усакIуэ, декабрист **Рылеев Кондратий** къызэралъхьурэ илъэс 225-рэ ирокъу.
♦Адыгэ тхакIуэ, дзэ къулыкъущIэу щыта **Къаз-Джэрий Сулътlан** къызэралъхьурэ илъэс 214-рэ ирокъу.
♦Совет тхакIуэ цIэрыIуэ **Островский Николай** къызэралъхьурэ илъэси 116-рэ ирокъу.
♦Совет Союзым и ЛIыхъужь **Хьэбэчыр Умар** къызэралъхьурэ илъэс 99-рэ ирокъу.
♦КхъухьлIатэзэхуэ, генерал-лейтенант, Сириеи и ЛIыхъужь **Абазэ Мамдух** къызэралъхьурэ илъэс 88-рэ ирокъу.
♦Италиеи щыщ политик цIэрыIуэ, а къэралым и Министрхэм я Советым и унафэщIу щыта **Берлускони Сильвио** и ныбжьыр илъэс 84-рэ ирокъу.
♦Урысей актрисэ, РСФСР-м и цIыхубэ артисткэ, СССР-м и Къэрал саугъэтыр зрата **Демидовэ Аллэ** и ныбжьыр илъэс 84-рэ ирокъу.
♦Польшэм щыщ къэрал лэжьакIуэ, а къэралым и президенту 1990 - 1995 гъэхэм щыта, мамырыгъэм хуэлажьэхэм папщIэ Нобель игъэува саугъэтыр зрата **Валенсэ Лех** и ныбжьыр илъэс 77-рэ ирокъу.
♦Урысей тележурналист цIэрыIуэ **Крылов Дмитрий** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокъу.
♦Чилим и президенту нэхъапэм цIыхубз зэи хамыхауэ а къулыкъур зыхуагъэфащауэ щыта, пIалъитIкIи а IэнатIэм пэрыта **Бачелет Мишель** и ныбжьыр илъэс 69-рэ ирокъу.
♦Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и актёр, КъБР-м щIыхь зиIэ и артист **Быда Хьэсэн** и ныбжьыр илъэс 60 ирокъу.
♦Албанием и президенту щыта **Нишани Буяр** и ныбжьыр илъэс 54-рэ ирокъу.
♦Украинэм щыщ футболист цIэрыIуэ, «Дынщ топ» саугъэтыр 2004 гъэм зыхуагъэфэща **Шевченкэ Андрей** и ныбжьыр илъэс 44-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 22 - 23-рэ, жэщым градус 11 - 13 щыхъунущ.

Фокlадэм и 30, *бэрэжей*

♦Зэдзэкlакlуэм и дунейпсо махуэщ. Зэдзэкlакlуэхэм я дунейпсо зэгухьэныгъэм 1991 гъэм игъэуваща.
♦Урысейм щагъэлъапIэ Интернетым и махуэр
♦Абхъаз Республикэм и лъэпкъ гуфIэгъуэщ - Куржы-Абхъаз зауэм къыщыхьа Текlуэныгъэр егъэлъапIэ
♦Къэзахъстаным юстицэмкIэ и органхэм я лэжьакIуэхэм я махуэщ
♦Тыркумэным лъэпкъ шынагъуэншагъэмкIэ и органхэм я лэжьакIуэхэм я махуэщ
♦1882 гъэм дунейм щыяпэу Фокс псым (США) электростанц тращIыхьащ.
♦1928 гъэм инджылызым микробиолог Флеминг Александр жиIащ пенициллин хущхъуэр зэрызэхилъхьар.
♦1941 гъэм нэмыцэхэм «Тайфун» зыфIащаебгъэрыкIуэныгъэм, Москва къуэбыдыным теухуам, щIадзащ.
♦1946 гъэм Нюрнберг трибуналым нацист щIэпхъаджащIэхэм я судыр ищIащ.
♦1960 гъэм Налшык лэжьэн щыщIидзащ алэрыбГу щащ «Горянка» фабрикэм.
♦1965 гъэм «СССР-м щIыхь зиIэ и къхъухьатэзехуэ», «СССР-м щIыхь зиIэ и штурман» щIэзэр ягъэуваща.
♦1967 гъэм дунейм щыяпэу хьэрышым щызэпыуащ кхъухьитI. Ахэр тIури СССР-м ейт - «Космос-186»-мрэ «Космос-188»-мрэт.
♦Совет математик, астроном, геофизик цIэрыIуэ, «Совет щIэнгъуаэзэшхуэ» яп псалъалъэм и редактор нэхъыщхьэу щыта **Шмидт Отто** къызэралъхьурэ илъэси 129-рэ ирокъу.
♦Совет дзэ къулыкъущIэ, Совет Союзым и Маршал, Совет Союзым тIэунейрэ и ЛIыхъужь **Василевский Александр** къызэралъхьурэ илъэси 125-рэ ирокъу.
♦Урысей театр режиссёр, УФ-м и цIыхубэ артист, Урысейм и Къэрал саугъэтыр зрата **Любимов Юрий** къызэралъхьурэ илъэси 103-рэ ирокъу.
♦США-м щыIэ Адыгэ Хасэм и лэжьыгъэм жьыдэжру хэта, егъэджакIуэ **Хъэзэкъуэ Маждэ** къызэралъхьурэ илъэс 90 ирокъу.
♦Сириеи щынагъуэншагъэмкIэ и къарухэм я генерал-полковник, политик, жылагъуэ лэжьакIуэ **Абазэ Уэлид** и ныбжьыр илъэс 73-рэ ирокъу.
♦КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист, публицист, «Кабардино-Балкарская правда» газетым и редактор нэхъыщхьэу щыта **Мэз Сусанэ** къыщалъхуа махуэщ.
♦Урысей гимнасткэ, Олимп Джэгуэхм тIэунейрэ я чемпионкэ хъуа, дыжьын медалу тIурэ жэз медалу щцырэ абыхэм къыщызыхьа, дунейм щэнейрэ щытекIуа, нэгъуэщI ехъулIэныгъэ куэди зиIэ **Мустафинэ Алия** и ныбжьыр илъэс 26-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 20 - 21-рэ, жэщым градус 11 - 13 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ДЖАТОКЪУЭ Марьянэщ.

Мэзхэр къабзэу гъэ щIэгъэкIыным хуэунэтIауэ

Жыгхэр хъуа хъун, бэгъуэн папщIэ мэзхэм зэпымыууэ уи нэIэ ятетын зэрыхуейр зым и дежкIи щэхуэкъым. Араща, республикэм и мэз Iуэхущ IапIэхэм агротехникэм кьигъэув лэжьыгъэхэр щрагъэкIуэкI.

ЖЫГ ХАСАГъАЩIэХЭР тэмэму хэкIэн папщIэ сатыр зэхуакуэм техникэкIэ елэжьын, жыг зэхуакуэр IэкIэ дэпщIыкIын, гъэщэбэн хуей мэхъу. А псори хуэгъэзащ жыгхэм нэхъ псынщIэу заужьыным, мэзхэр уэру къызэщIэувэным.

Республикэм и мэз хозяйствибгъум илъэсым кьриубыдэу псори зэхэту апхуэдэ Iуэхуэр щрагъэкIуэкIынущ гектар миным. А лэжьыгъэхэр мы зэманым зэфIагъэкI «Экология» лъэпкъ проектым хыхьэ «Мэзхэр хъумэн» къэрал проектым ипкъ иткIэ.

Лэжьыгъэхэм щIадзэ удз ежьужьхэр къызэрызэщIэрыуэу, нэгъэущIу жыпIэмэ мэлыжьыхьым къыщыщIэдзауэ щэкIуэгъуэ пщIондэ мэз хозяйствэхэм щызэпыуркъым абы теухуа лэжьыгъэхэр. ПсынщIэу зызыужь удзыжьхэм я зэранкIэ жыгыщIэр гъужьынкIэ, хэмыкIанкIэ хъунущ, абы къыхэкIыу хасагъащIэхэм набдзэгубдзаплъэу якIэлъоплъ. Жыгхэм я ныбжь елъытауэ мэз кусэхэр зэкъым зэрагъэкъабзэр, уеблэмэ удзыжьхэр тхуэнейрэ къыщцах къохъу.

Мэз лъабжьэхэр къабзэу гъэ щIэгъэкIыным мыхьэнэшхуэ иIэщ жыгхэм заужьыныжьмкIэ икIи абы къыхэкIыу мы зэманым а лэжьыгъэм гулъытэшхуэ хуащI.

ДЖАТОКЪУЭ Къантемыр.



Лъэпкъ Iущыгъэ:

Гъэмахуэм Iэжьэ щIыи, щIымахуэм гу щIы.

Ислъамым и нур

Зыгъэхьэзырар
ЖЫЛОКЪУЭ Лусаннэщ

Муслъымэн псоми ди зэхуэдэ мулид мазэр къоблагъэ

● Уаз

Мухьэмэд бегъымбар лъапIэр (Тхьэм и нэфIыр зыщыхуар) къыщалъхуа махуэр мы гъэм октябрым (жэпуэгъуэм) и 29-м тохуэ. Ар муслъымэн псоми ди зэхуэдэ махуэшхуэ.

Муслъымэн къэралхэм нэхъыбэрэ Алыхьым зэрыхуэпщылIыным, ЛIыкIуэ лъапIэм сэлэуат къызэрыхуахьыным хущIокъу мулид мазэм.

Мухьэмэд бегъымбарыр (Тхьэм и нэфIыр зыщыхуар) къызэралъхуар

ЯпэдыдэуцIыкIуэ Iэдэм бегъымбарым дежи щегъэжьауэ ЛIыкIуэ псоми ящIэу щытащ Мухьэмэд бегъымбарыр зэрыщыIэнур икIи а зэманым псэунухэр псори Мухьэмэд бегъымбарым и гъуэгум тетыну къыхурадджащ. Абы и щыхьэту Iэят куэд къышыкIуащ КъурЗан лъапIэм.

Iэдэм бегъымбарыр иджыри жэнэтым кърагъэкIын ипэкIэ, хьэршым щилъагъуат Алыхьым и цIэм пэгъунэгъуу Мухьэмэд цIэр зэрыщытыр. Абы щыгъуэм ЛIыкIуэм къыгурыIуат Мухьэмэд (Тхьэм и нэфIыр зыщыхуар) Алыхьым къигъэщIыну псом нэхъри нэхъ лъапIэныгъэ зэригъэгъуэтынур.

Мэрем и къуэ Хьисэ бегъымбарми и тхьилъым къыщыкIуащ Мухьэмэд бегъымбарыр (Тхьэм и нэфIыр зыщыхуар) къызэригъэщIынур, а лIыкIуэ лъапIэми къыхуриджащ ЛисраIил и быныр псоуэ нэсмэ, Тхьэм и нэфIыр зыщыхуа Мухьэмэд и гъуэгум тетыну. Тхьэм къызыхуеха адрей лIыкIуэхэми я тхыгъэм къыщыкIуащ Мухьэмэд бегъымбар лъапIэр зэрыщыIэнур. Абыхэм ящыщ дэтхэнэ зыми Тхьэм къалэн ящищIат Мухьэмэд бегъымбарым (Тхьэм и нэфIыр зыщыхуам) и гъуэгум цIыхубэр хурадджэну икIи лIыкIуэ псоми а къалэныр нэсу ягъэзащIащ. АрщхьэкIэ, язныкъуэхэм а хьыбарыр зохахыну хуеякъым.

Мухьэмэд бегъымбарыр (Тхьэм и нэфIыр зыщыхуар) ныбэ щIыпым

Мухьэмэд бегъымбарыр (Тхьэм и нэфIыр зыщыхуар) ныбэ щIыпым абы и анэ Аминэ зыхищIатэкъым сабий зэриIэнур.

Зы махуэ гуэрым цIыхухъу сэфэтым иту мелыIыч къыбгъэдыхьэри, Аминэ къеупщIащ: «Уэзрыуэндэгъур пщIэрэ?» «СщIэркъым», - жиIэу бзылъхугъэм жуаоп щитым, лIым къыпищащ: «АтIэ бжьэоIэ Тхьэм и нэфIыр зыщыхуа бегъымбар уи Iэпкъльэпкъым зэрилъэр». Абы щыгъэуэ Аминэ къыщищIар зэрыуэндэгъур икIи абы къыгурыIуат хьыбарыр къыхуэзыхьар зэрымелыIычыр.

КъищынэмыщIауэ, бзылъхугъэм пщыхьэпIэу илъэгъуат мы псалъэхэр къыжраIэу: «Хьыбар удогъащIэ Тхьэм и нэфIыр зыщыхуа ЛIыкIуэ лъапIэ уи Iэпкъльэпкъым къызэрикIынумкIэ. Ар дунейм къытехьэжмэ, Мухьэмэд фIэщ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, абы и ГащIэ псор ихьынущ Тхьэм фIыщIэ хуищIу». («Мухьэмэд», «Ахьмэд» псалъэхэм я мыхьэнэр «фIыщIэ» жиIэу аращ).

Аминэ и ныбэм ЛIыкIуэ лъапIэр (Тхьэм и нэфIыр зыщыхуар) щихуам, анэ хъунум и нэгу щIэкIыт тельыдджэ куэд. Абы зэхихыт ар къэзыухъуреихь мелыIычхэм Тхьэм фIыщIэ зэрыхуащIыр.

ЛIыкIуэ лъапIэм и ГащIэр зытхыжа дин щIэныгъэлIхэм я тхьилъым итщ Мухьэмэд бегъымбарыр (Тхьэм и нэфIыр зыщыхуар) ныбэм щIыпым, илъэс зыбжанэкIэ зэкIэлъыплъыту уэгъуу щыта щIыпIэр зэуэ щхьэантIэ хуауэ, жыгхэм пхъэщхьэмыщхьэ куэду къапыкIауэ, къуалэбзухэм Аминэ и щхьэщыгур къауфэрэзыхьу, бзылъхугъэр псыкъуийм псыхьэ кIуэ нэужь, псыр ешхыну къыдокIуейуэ зэрыщытар, нэгъэущ гъэщIэгъэн куэди къызэрыхьуар.

Мухьэмэд бегъымбар лъапIэр (Тхьэм и нэфIыр зыщыхуар) ныбэм мазибгъукIэ илъащ. Мазэ къэс бзылъхугъэм къыхуэкIуащ ЛIыкIуэхэм ящыщ зы, Алыхьым нэхъыбэ ЛIыдэу илъэсыбэ ЛIыкIуэ лъапIэу Мухьэмэд бегъымбарым теухуа хьыбар дахэр къыхуахьурэ.

А ЛIыкIуэхэр: Iэдэм, Шис, Идрис, Нухь, Хьуд, Ибрэхьим, Исмэхьил, Мусэ, Хьисэ.

Мухьэмэд бегъымбарыр (Тхьэм и нэфIыр зыщыхуар) къызэралъхуар

Аминэ и тхьэмадэ Абдул-МутIэлиб и унэм щыIэт сабийр дунейм къытехьэну щыхъуа дакъикъэм. Унэм щIэсыр Аминэ и закъуэт. Ар гуэзват дэIэпыкъуэгъу зэрыщIэмысым къыхэкIыу, арщхьэкIэ, Алыхьыр гущIэгъущIащ, Ар псоми щыгъуазэщ. Асыхьэтым Аминэ къыхэкIащ Тхьэр зыхуэупса бзылъхугъэлII: Мэрем (Хьисэ бегъымбарым и анэр), Сарэ (Ибрэхьим бегъымбарым и щхьэгъусэр), Хьаджэр (Исмэхьил бегъымбарым и анэр), Асие (Муззыхьим и пхъур. Ар фирхьэуным и щхьэгъусэу щытащ).

ЛIыкIуэ лъапIэр (Тхьэм и нэфIыр зыщыхуар) къыщалъхуми къуэкIыпIэм щегъэжьауэ къухъэпIэм нэс дунейр нур къэхъуат. ЛIыкIуэр дунейм къыззрытехьэу, адрей сабийхэм хуэдэу, гьатэкъым, атIэ гуфIат икIи асыхьэтым и натIэр щIым тригъэхьэри, къиIэтыжат. ЛIыкIуэр къащалъхуа махуэм Алыхьыр зи фIэщ мыхуэкIэ зыхуэупсар бзылъхугъэ унэкIыпIат. Абы илъэс 1000-кIэ ужьыхатэкъым.

Рабихьил Iэууал маздэм и 12-м, блыщхьэ махуэм, Меккэ къалэм дунейм къыщытехьащ Мухьэмэд бегъымбар лъапIэр (Тхьэм и нэфIыр зыщыхуар).

ЛIыкIуэр къыщалъхуам абы далъэгъуа телъыджихьр

- Мухьэмэд бегъымбарыр (Тхьэм и нэфIыр зыщыхуар) къызэралъхуу, Тхьэм сэждэ хуищIат («сэждэ» псалъэм и мыхьэнэр «щхьэщэ» жиIэу араш);

- и щхьэр къиIэтри, жиIащ: «ЛаIилахьэ Иллэлахь ини рэсуллахь» (Алыхь щIиIэкъым, Тхьэ закъуэм фIэкIа, сэри Алыхьым сриПIыкIуэщ);

- щIыпIэр нуру къызэщIэблат;

- щагъэпскIынум, зэхахат: «Дэ ар къабзэу дгъэпскIауэ къэдгъэщIащ»;

- и бынжэр пыупщIауэ, сунэт щIауэ дунейм къытехьат;

- сабийр хьыданым щыкIуэцIашыхьым, «ЛаIилахьэ Иллэлахь Мухьэмэд рэсуллахь» псалъэжэр ильэгъащ абы и бгым тету.

ЛIыкIуэ лъапIэм (Тхьэм и нэфIыр зыщыхуам) и сабиигъуэр

Мухьэмэд бегъымбарыр (Тхьэм и нэфIыр зыщыхуар) къамылъху щIыкIэ зеиныжэ хъуат - ар иджыри ныбэ илъу и адэ Абдуллахь дунейм екьжат.

ЛIыкIуэм и ныбжьыр илъэситI щыхъум абы Iэхъу телъыджж къыдэхьуат. ЛIыкIуэ лъапIэмрэ быдзышхIэ и Iуэху щыкIумрэ хьэблэ сабийхэм ядэджэгуу уэрамым здыдэтым, абыхэм къабгъэдыхьащ мелыIыч Джэбрэ»Iил, цIыху сэфэтым иту. ЛIыкIуэр щIым игъэгъуэлъщ, и бгъэр зэгуихри, и гур кърихащ, гум хэль фIыцIагэр къыхихри, хьифIидзащ: «Мыр къидэмэз, шейтIаным къизэсэбэлынщ», - жиIэуэрэ. ИужькIэ гур зэм-зэмыпскIэ итхьащIри, ирилъхьэжащ. Iэнэс ибн Малик къиIуэтэжу жиIат абы и гум телъ уIэгъэм и дамыгъэр зэрилъэгъуар.

Мухьэмэд бегъымбарым и ныбжьыр илъэсиц щыхъум, и анэ Аминэ дунейм екIужащ. ЛIыкIуэр (Тхьэм и нэфIыр зыщыхуар) и адэщхъуэм зришэлIэжащ. Адэшхуэр икъукIэ хуэгумащIэт нурыр къызыщIэхьщих сабийм. Ари дунейм екьжа нэужь, щIалэ цIыкIур зришэлIэжащ и адэ къуэш Iэбу ТIалиб, абыи лъагъуныгъэшхуэ хуиIэт а сабий псэ кьабзэм.

ЛIыкIуэр дунейм къызэрытехьэрэ адрей цIыхухэм ещхьу щытакъым зэи. Ар апхуэдизкIэ цIыху зэпIэзэрыпт, псэ кьабзэт икIи цIыху пэжти, «IэминкIэ» еджэхэрт. «Iэмин» псалъэм и мыхьэнэр «пэж» жиIэу араш.

Аращи, дызэрыхьэр мазэ лъапIэщ, ЛIыкIуэм псоми яхиIэтыкIа цIыхур къыщигъэщIа маззэщи, абы хуэфащэу дыщытын зэрыхуейр зыщыдвмыгъэгъупщэ!



● Мэжджыт цIэрыIуэхэр

ЦIыху минибл щIохуэ

Бахърейн пащтыхьыгъуэм и къащхьэ Мэнамэ дэт «Аль-Фатихь» мэжджытышхуэр дунейм щынэхъ ин дыдэхэм хабжэ. Абы зэуэ нэмэз щащыфынущ цIыху миниблым. Мэрем махуэхэмрэ хьид махуэхэмрэ къищынэмыщIа, мэжджытым туристхэри дагъэхьэ.

Мэжджытым и щхьэм тонн 60 и хьэлъагъщ. Тхьэм и унэм библиотеки хэтщ.

1987 гъэм мэжджытыр иригъэщIауэ щытащ Хьисэ ибн Сэлмэн ахь хьалиф и мылъкукIэ. Бахърейныр къэзыIэзэуауэ щыта Ахьмэд аль фатихь и цIэр Тхьэм и унэм фIащащ.

МелыIычхэмрэ абыхэм я къалэнхэмрэ

Дызэрыщыгъуазэщи, мелыIычыр нурым, жиныр мафIэм, цIыхур ятIэм къыхищIыкIащ Алыхьым. Абыхэм ящыщу нобэ зи гугъу тщIынур мелыIычхэм я къалэнращ. Мелыйычхэм я бжыгъэр зыхуэдизым, Езы Алыхьым фIэкIа, нэгъэущ зыри щыгъуазэкъым. Абыхэм ящыщу зыбжанэм я гугъу тщIынщ.

1. Джабрэ»Iил мелыйычыр. Джабрэ»Iилщ Алыхьым и пащхьэ къикIа тхьилъ псори лIыкIуэхэм я деж къэзыхьар.

2. МэчрэIил. Абы Алыхьым къалэн щищIащ къигъэщIа псоми ерыскъы яритыну икIи абы и жьым щIэтщ пшэхэр жьыбгъэхэри. Уафэм зы псы ткIуэпс къехкъым МэчрэIил и Iизыныншэу. Къищынэмыщ1ауэ, Тхьэм а мелыйычым къалэн щищIахэм ящыщщ лIыкIуэхэм ядэIэпыкъунырэ. Мусэ лIыкIуэ лъапIэми къыхуехауэ щытащ МэчрэIил. КъищынэмыщIауэ, Джабрэ»Iил гъусэ зыхуищIри, цIыху сэфэтым иту Тхьэм и нэфIыр зыщыхуа Мухьэмэд бегъымбарми къыхуехауэ щытащ ар «Уьуд» зауэр щаублам щыгъуэ.

3. Исрафил. Ар бжьакъуэм епщэну мелыIычыщ. Алыхьым и IэмыркIэ, ар щэ епщэнущ бжьакъуэм. Я1пэу епща нэужь, абы и макъыр апхуэдизкIэ гузэвэгъуэу, ину щытынущи, псэ зыIуту дунейм тет псори гужьеинурэ зэбгрыжынущ, абы щыгъуэм деж дэтхэнэ зыми къыфIэIуэхунур и щхьэ закъуэщ. ЕтIуанэу епща нэужь, дудеим тету хъуар лIэнущ. Ещанэу епща нэужь, псори къэтэджьжьынурэ, Алыхьым и пащхьэ иувэжынщ.

4. Хьэзрэ»Iил. Ар псэхэхырщ. Абыи дэIэпыкъуэгъуэхэр иIэщ.

5. МуIэкъибат. Абыхэм Алыхьым къалэн ящиIащ цIыхур псэуху къахъумэну.

6. Рэкъибрэ Iэтидрэ. Абыхэм я къалэнщ цIыхум и лэжьыгъэ псори ятхыну. Ди дамащхьэ ижьымкIэ тес Рэкъиб фIыхэр етх, сэмэгумкIэ тес Iэтид Iейхэр етх. Ди жьэм зы псалъэ закъуэ къыжьэдэкIыркъым абыхэм ямытхыу.

7. Мункэррэ Нэкиррэ. Кхъэм щIалъхьа цIыхум упщIэхэр эзытыну яхуэкIуэхэращ.

8. Ризуанрэ Маликрэ. Ахэр жэнэтымрэ жыхьэнмэрэ зыхъумэ мелыйычхэращ. Жэнэтыр зыхъумэр Ризуанщ, жыхьэнмэр зыхъумэр Маликщ.

9. Ныбэм ихъуа сабийр къэзыхъумэ мелыйычхэр. Тхьэм и псалъэу КъурIэным къащыкIыащ: ***«Шэч хэмылъу, фэ фщыщу дэтхэнэ зыри фи анэхэм я ныбэм жьилэ ткIуэпс къудейуэ махуэ плIыщкIэ фильщ, итIанэ лъы фохъури, аргуэру махуэ плIыщкIэ ныбэм филъщ, иужькIэ лы фохъури, аргуэру махуэ плIыщкIэ апхуэдэу фыщытщ. ИтIанэ мелыйычыр ныфхудогъакIуэри, а лы тыкъырым йопщэ, мис итIанэщ псэ къыщыфхыхьэр. Мис абы щыгъуэм деж мелыйычым етх а сабийм и ерыскъыр, и гъащIэр, и Iуэхугъуэу щытынур, и насыпыр».***

10. Алыхьым и тахьтэр зыIыгъ мелыйычхэр. Ахэр 8 мэхъу. Абыхэм я тхьэкIумэм щегъэжьауэ я дамащхьэ къудейм нэс дэлъ гъуэгуанэр илъэс 700-кIэ цIыхум хуэкIынуращ. А зыр тхурикъункъэ Алыхьым и Къурэн дригъэгупсысыну?!

11. Бгыхэр зэтэзыIыгъэ мелыйычхэр. Абы теухуауэ щIэныгъэлIхэм я тэфсирым мыпхуэдэу къыщыкIуащ: «Джэбрэ»Iил ЛIыкIуэ лъапIэм къыхуэкIуэри, къыкриIащ: «Уа, Мухьэмэд, Алыхьым зэхихащ Iиманынщэхэм къыбжаIа псалъэхэр. Алыхьым къыпхуигъэкIуащ бгыхэр зэтезыIыгъэ мелыйычыр». ИтIанэ а мелыйычым жиIэнущ: «Уа, Мухьэмэд, жыIэ узыхуей дыдэр, сыбдэIэпыкъунущ. ЯтезгъэщIэнщ абыхэм бгыхэр». ЛIыкIуэ лъапIэм жиIэнущ: «Хьэуэ, ятумыгъэщащэ бгыхэр, абыхэм яхэтынкIэ хъунущ Iиман къэзыхьахэр».

Зи мылъкум псапэ хэзытыкIхэм папщIэ

КъурIэным итщ: **«Зи мылъкур Алыхьым папщIэ зыгъэкIуэду, а ялэжьар зымыхъуэныжхэм къапоплъэ Алыхьым и пащхьэ къикIыу тыгъэ лъапIэхэр».**

Мыхьэнэр: зи мылъкур Алыхьым и арэзыщIныгъэм папщIэ зыгъэкIуэдхэм, псалъэм и хьэтыркIэ, дин щIэныгъэ къэзылъыхъуэм мылъкукIэ зыщIэгъэкъуэн и лъэныкъуэкIэ, е тхьэмыщкIэжьым, факъыпрэхэм ядэIэпыкъункIэ, нэгъэущIу жыпIэмэ, хуэныкъуэм щIэгъэкъуэн зыхуэзыщIхэм я псапэр мин бжьыгъэкIэ яхуигъэбзагъуэнущ Алыхьым. Ауэ щыхъукIи, абыхэм ялэжьа Iэхуэгуэфыр яхъуэныжмэ, щIэгъэкъуэн зыхуэзхуэхэм епэгэкIмэ, ахэр ягъэпудмэ, къапэщылъри гузэвэгъуэщ.

ЩIэныгъэ зыбгъэдэлъымрэ щIэныгъэншэмрэ зэи зэхуэдэ хъунукъым. ЩIэныгъэ зэзэгъэгъуэтыр Тхьэ лъапIэм нэхъ хиIэтыкIащ. Абы теухуауэ Алыхьым и псалъэу КъурIэн лъапIэм къыщыкIуащ: **«Дауэ зэхуэдэн щIэныгъэ зыбгъэдэлъымрэ щIэныгъэншэмрэ»** (Аз-Зумар сурэм и 9-нэ Iэятыр). Мы Iэятым и мыхьэнэр щIэныгъэ зэгъэгъуэтын зэрыхуейращ, ар зыбгъэдэлъым и пщIэр Тхьэ лъапIэм и деж зэрыщынэхъ лъагэращ. Алыхьым и псалъэу я1пэ дыдэу КъурIэным къыщыкIуар **«Еджэ»** псалъэращ. Тхьэм цIыху псоми зыкъэтхуигъэзащ а псалъэмкIэ. Хьэдисми къыщыкIуащ: Мухьэмэд бегъымбарым (Тхьэм и нэфIыр зыщыхуам) жиIащ: «Дэнэ фыщымыIами, щIэныгъэ къэфлъыхъуэ».

ЩIэныгъэм и мыхьэнэр

Алыхьым нэхъ пэгъунэгъур

● Хьэдисхэр

Алыхьым и нэфIыр зыщыхуа Мухьэмэд бегъымбарым зэгуэрым уаз иту здэщысым, зы бедуин щIалэ къыщыхьащ. ЛIыкIуэм и псалъэр зэпиудри, ар щIэупщIащ: «Уа, ЛIыкIуэ лъапIэ! Дапщэщ Къемэт махуэр къыщысынур?»

«ТIыс, уазым и кIэм нэс едаIуэ», - жаIэри, лIыр ягъэтIысащ. АрщхьэкIэ, хуэмышэчу аргуэру щIэупщIащ: «Дапщэщ Къемэт махуэр къыщысынур?»

«Сыт и лъэныкъуэкIэ зыхуэбгъэхьэзыра уэ Къемэт махуэм?» - щIэупщIащ ЛIыкIуэ лъапIэр». - «Сэ нэмэз схуэщIыркъым, нэщI схуэIыгъкъым, ауэ Алыхь лъапIэр фIыщIэ сольагъу, Мухьэмэд бегъымбарри фIыуэ уэолъагъу», - жиIащ бедуиным.

Мухьэмэд бегъымбарым (Тхьэм и нэфIыр зыщыхуам) абы пидзыжащ: «Дэтхэнэ зыри фIыуэ илъагъум дэщIыгъунущ. Уэри абыхэм уащыщщ».

* * *

- «Упсэлъэн ипэ къихуэу, сэлам хьпхъэщ».

* * *

«Я1пэу сэлам зыхыращ Алыхьым нэхъ пэгъунэгъур».

* * *

«КъурIэн еджэми, абы щIэдэIуми зэхуэдэу псапэ хуатхынущ».

* * *

«Фэ фщыщу нэхъыфIыр КъурIэнр зэзыгъащIэу, ар адрейхэм языгъэщIэжырщ».

Жэпуэгъуэ (октябрь) мазэм и нэмэз щIыгъуэхэр

● Фи лъэIукIэ

Махуэхэр	Пщэдджыжьыр	Дыгъэр къыщыщIэкIыр	Шэджагъуэр	Ичынджыр	Ахъшэмыр	Жасыр
1, махуэку	04.33	06.03	12.06	15.19	17.49	19.29
2, мэрем	04.34	06.04	12.05	15.17	17.48	19.28
3, щэбэт	04.35	06.06	12.05	15.16	17.46	19.26
4, тхьэмахуэ	04.37	06.07	12.05	15.15	17.44	19.24
5, блыщхьэ	04.38	06.08	12.05	15.14	17.42	19.22
6, гъубж	04.39	06.09	12.04	15.12	17.41	19.21
7, бэрэжьей	04.40	06.10	12.04	15.11	17.39	19.19
8, махуэку	04.41	06.11	12.04	15.10	17.37	19.17
9, мэрем	04.42	06.12	12.03	15.08	17.35	19.15
10, щэбэт	04.44	06.14	12.03	15.07	17.33	19.13
11, тхьэмахуэ	04.45	06.15	12.03	15.06	17.32	19.12
12, блыщхьэ	04.46	06.16	12.03	15.04	17.30	19.10
13, гъубж	04.47	06.17	12.02	15.03	17.28	19.08
14, бэрэжьей	04.48	06.18	12.02	15.02	17.27	19.07
15, махуэку	04.50	06.20	12.02	15.01	17.25	19.05
16, мэрем	04.51	06.21	12.02	14.59	17.23	19.03
17, щэбэт	04.52	06.22	12.01	14.58	17.22	19.02
18, тхьэмахуэ	04.53	06.23	12.01	14.57	17.20	19.00
19, блыщхьэ	04.55	06.25	12.01	14.56	17.18	18.58
20, гъубж	04.56	06.26	12.01	14.54	17.17	18.56
21, бэрэжьей	04.57	06.27	12.01	14.53	17.15	18.55
22, махуэку	04.58	06.28	12.01	14.52	17.14	18.54
23, мэрем	05.00	06.30	12.01	14.51	17.12	18.52
24, щэбэт	05.01	06.31	12.00	14.49	17.11	18.51
25, тхьэмахуэ	05.02	06.32	12.00	14.48	17.09	18.49
26, блыщхьэ	05.03	06.33	12.00	14.47	17.08	18.48
27, гъубж	05.05	06.35	12.00	14.46	17.06	18.46
28, бэрэжьей	05.06	06.36	12.00	14.45	17.05	18.45
29, махуэку	05.07	06.37	12.00	14.44	17.03	18.43
30, мэрем	05.09	06.39	12.00	14.44	17.02	18.42
31, щэбэт	05.10	06.40	12.00	14.43	17.01	18.41

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Муслъымэнхэм я IуэхущIапIэм къыдитащ.

Ислъам динымрэ унагъуэмрэ

Ислъам диным унагъуэм хухих мардэхэр дэтхэнэ зыми къызыхуэзытыншэу дгъэзэщIэфатэмэ, дэтхэнэми дя къэзыхьар тщIэжатэмэ, унагъуэм къыщыхъу насыпыншагъэхэри (зэныкъуэкъу, зэпыкIыж хуэдэхэр) щыIэнтэкъым. Хьэдисым къыщыкIуащ: «Алыхьым хьэлэлу къигъэщIахэм нэхъ фIэмыфI дыдэу яхэтыр зэпыкIыжынращ». Зэщхьэгъусэхэр зэпыкIыжыным Алыхьым имыгъэхьэрэмами, икIи ифIэфIкъым, Iэмал зэриIэкIэ, зэбгъэдэмыкIыжынращ тэмэмыр. Аращ ислъам диным унагъуэм мыхьэнэшхуэ щIритыр. Быныр балигыпIэ иува нэужь, и чэзум щхьэгъусэ егъэгъуэтынщ сунэнтщ.

Ислъам диным къигъэув мардэхэмкIэ цIыхухъум и къалэн нэхъыщхьэхэр:

- ЛIыр и щхьэгъусэм псэ кьабзэу, гуапэу бгъэдэтын хуейщ - Алыхьым и псалъэу КъурIэным къыщыкIуащ бзылъхугъэм щабэу зэрыхуащытынущ. КъурIэным къызэрыщыкIуамкIэ, бзылъхугъэр цIыхухъум и дзажэ нэхъ Iушэ дыдэм хъыхищIыкIащ, ар захуэ пщIыну иужь уихьэмэ, зэфIэщIыкIынущ. Аращи, бзылъхугъэм и хьэлым хэлъ ныкъуэсаныгъэ тIэкIуэхэри лIым ишэчыпхъащ. Абы теухуауэ хьэдисым къыщыкIуащ и щхьэгъусэм и хьэлым хэлъ ныкъуэсаныгъэ тIэкIур зышэч лIыхэр жэнэт Iыкьлы зэрыхъунур.

- МыпIэку хьэлэл къилэжьу, унагъуэр зыхуей хуигъэзэнщ.

- ЛIыр и щхьэгъусэм и напэм зи еуэ хъунукъым, хуэмыфэщэн цIэ лейкIэ еджэ хъунукъым. Пылъэмакъ гуэр къыщымыхъей унагъуэ щыIэу къыщIэкIынукъым, абы щыгъуэхэм деж лIыр губжьу, бзылъхугъэр и закъуэу къыщIинэу езыр щIэкIыну къеззгъырыкъым.

- Ислъам диныр унагъуэм щыIэрахьэным теухуа унафэ ищIынур и хьалэнщ лIым.

- ИпэкIэ зэрыщыжьыIащи, лIыр и фызым щабэу бгъэдэтын хуейщ, ауэ щыхъукIи, бзылъхугъэм и хьэлым хэлъ мыхъумыщIагъэхэр хуиIэдахэ хъунукъым, атIэ, ахэр зэрызэхыригъэныным тэлэжьэн хуейщ.

- ЛIым и щхьэгъусэм тригъэкIуэдну мылъкум щысхь хъунукъым, ауэ щыхьхукIи, фызыр щигъэкIи хъунукъым.

Ислъам диным къигъэува мардэхэмкIэ бзылъхугъэм и къалэн нэхъыщхьэхэр:

- Бзылъхугъэм и щхьэгъусэм пщIэ хуищIын хуейщ, фIыуэ илъагъун хуейщ, абы и унафэм щIэтын хуейщ.

- Унагъуэ къалэныр, сабий гъэсэныр зи пщэ дэлъри бзылъхугъэращ.

- Бзылъхугъэм щыгъупщэ хъунукъым лIым и пщэ къалэнышхуэ зэрыдэлъыр, мылъку къэлэжьын и лъэныкъуэкIэ. Абы ипкъ иткIэ, цIыхухъэр тIэкIу нэхъ тэмакъкIэщI щыхъу къэхъуми, ар щхьэгъусэм къыгурыIуапхъщ. КъищынэмыщIауэ, лIым и Iуэху зэхэзэрыхьэрэ, унагъуэр зэригъэпсэун тэмэму къиримыхьэлIэф хьумэ, абы щыгъуэхэм дежи еныкъуэкъу хъунукъым, къэблэжьыр мащIэщ жиIэу.

- Бзылъхугъэм и макъым зригъэIатауэ и щхьэгъусэм епсэлъэныр исльам диным къеззгъырыкъым.

- Бзылъхугъэм и къалэн нэхъыщхьэр зихъумэжу, бныр игъасэу, лIым кьрихьэлIэр тэмэму зэригъэзэхуэныщ.

Ислъамым псоми ди зэхуэдэ мулид мазэр къоблагъэ

Хьэдисым къыщыкIуар: «Аль-Фатихь» мэжджытышхуэр дунейм щынэхъ ин дыдэхэм хабжэ. Абы зэуэ нэмэз щащыфынущ цIыху миниблым. Мэрем махуэхэмрэ хьид махуэхэмрэ къищынэмыщIа, мэжджытым туристхэри дагъэхьэ.

Мэжджытым и щхьэм тонн 60 и хьэлъагъщ. Тхьэм и унэм библиотеки хэтщ.

1987 гъэм мэжджытыр иригъэщIауэ щытащ Хьисэ ибн Сэлмэн ахь хьалиф и мылъкукIэ. Бахърейныр къэзыIэзэуауэ щыта Ахьмэд аль фатихь и цIэр Тхьэм и унэм фIащащ.

Мелыйычхэмрэ абыхэм я къалэнхэмрэ

Дызэрыщыгъуазэщи, мелыйычыр нурым, жиныр мафIэм, цIыхур ятIэм къыхищIыкIащ Алыхьым. Абыхэм ящыщу нобэ зи гугъу тщIынур мелыйычхэм я къалэнращ. Мелыйычхэм я бжыгъэр зыхуэдизым, Езы Алыхьым фIэкIа, нэгъэущ зыри щыгъуазэкъым. Абыхэм ящыщу зыбжанэм я гугъу тщIынщ.

1. Джабрэ»Iил мелыйычыр. Джабрэ»Iилщ Алыхьым и пащхьэ къикIа тхьилъ псори лIыкIуэхэм я деж къэзыхьар.

2. МэчрэIил. Абы Алыхьым къалэн щищIащ къигъэщIа псоми ерыскъы яритыну икIи абы и жьым щIэтщ пшэхэр жьыбгъэхэри. Уафэм зы псы ткIуэпс къехкъым МэчрэIил и Iизыныншэу. Къищынэмыщ1ауэ, Тхьэм а мелыйычым къалэн щищIахэм ящыщщ лIыкIуэхэм ядэIэпыкъунырэ. Мусэ лIыкIуэ лъапIэми къыхуехауэ щытащ МэчрэIил. КъищынэмыщIауэ, Джабрэ»Iил гъусэ зыхуищIри, цIыху сэфэтым иту Тхьэм и нэфIыр зыщыхуа Мухьэмэд бегъымбарми къыхуехауэ щытащ ар «Уьуд» зауэр щаублам щыгъуэ.

3. Исрафил. Ар бжьакъуэм епщэну мелыйычыщ. Алыхьым и IэмыркIэ, ар щэ епщэнущ бжьакъуэм. Я1пэу епща нэужь, абы и макъыр апхуэдизкIэ гузэвэгъуэу, ину щытынущи, псэ зыIуту дунейм тет псори гужьеинурэ зэбгрыжынущ, абы щыгъуэм деж дэтхэнэ зыми къыфIэIуэхунур и щхьэ закъуэщ. ЕтIуанэу епща нэужь, дудеим тету хъуар лIэнущ. Ещанэу епща нэужь, псори къэтэджьжьынурэ, Алыхьым и пащхьэ иувэжынщ.

4. Хьэзрэ»Iил. Ар псэхэхырщ. Абыи дэIэпыкъуэгъуэхэр иIэщ.

5. МуIэкъибат. Абыхэм Алыхьым къалэн ящиIащ цIыхур псэуху къахъумэну.

6. Рэкъибрэ Iэтидрэ. Абыхэм я къалэнщ цIыхум и лэжьыгъэ псори ятхыну. Ди дамащхьэ ижьымкIэ тес Рэкъиб фIыхэр етх, сэмэгумкIэ тес Iэтид Iейхэр етх. Ди жьэм зы псалъэ закъуэ къыжьэдэкIыркъым абыхэм ямытхыу.

7. Мункэррэ Нэкиррэ. Кхъэм щIалъхьа цIыхум упщIэхэр эзытыну яхуэкIуэхэращ.

8. Ризуанрэ Маликрэ. Ахэр жэнэтымрэ жыхьэнмэрэ зыхъумэ мелыйычхэращ. Жэнэтыр зыхъумэр Ризуанщ, жыхьэнмэр зыхъумэр Маликщ.

9. Ныбэм ихъуа сабийр къэзыхъумэ мелыйычхэр. Тхьэм и псалъэу КъурIэным къыщыкIуащ: ***«Шэч хэмылъу, фэ фщыщу дэтхэнэ зыри фи анэхэм я ныбэм жьилэ ткIуэпс къудейуэ махуэ плIыщкIэ фильщ, итIанэ лъы фохъури, аргуэру махуэ плIыщкIэ ныбэм филъщ, иужькIэ лы фохъури, аргуэру махуэ плIыщкIэ апхуэдэу фыщытщ. ИтIанэ мелыйычыр ныфхудогъакIуэри, а лы тыкъырым йопщэ, мис итIанэщ псэ къыщыфхыхьэр. Мис абы щыгъуэм деж мелыйычым етх а сабийм и ерыскъыр, и гъащIэр, и Iуэхугъуэу щытынур, и насыпыр».***

10. Алыхьым и тахьтэр зыIыгъ мелыйычхэр. Ахэр 8 мэхъу. Абыхэм я тхьэкIумэм щегъэжьауэ я дамащхьэ къудейм нэс дэлъ гъуэгуанэр илъэс 700-кIэ цIыхум хуэкIынуращ. А зыр тхурикъункъэ Алыхьым и Къурэн дригъэгупсысыну?!

11. Бгыхэр зэтэзыIыгъэ мелыйычхэр. Абы теухуауэ щIэныгъэлIхэм я тэфсирым мыпхуэдэу къыщыкIуащ: «Джэбрэ»Iил ЛIыкIуэ лъапIэм къыхуэкIуэри, къыкриIащ: «Уа, Мухьэмэд, Алыхьым зэхихащ Iиманынщэхэм къыбжаIа псалъэхэр. Алыхьым къыпхуигъэкIуащ бгыхэр зэтезыIыгъэ мелыйычыр». ИтIанэ а мелыйычым жиIэнущ: «Уа, Мухьэмэд, жыIэ узыхуей дыдэр, сыбдэIэпыкъунущ. ЯтезгъэщIэнщ абыхэм бгыхэр». ЛIыкIуэ лъапIэм жиIэнущ: «Хьэуэ, ятумыгъэщащэ бгыхэр, абыхэм яхэтынкIэ хъунущ Iиман къэзыхьахэр».

Ислъам динымрэ унагъуэмрэ

Ислъам диным унагъуэм хухих мардэхэр дэтхэнэ зыми къызыхуэзытыншэу дгъэзэщIэфатэмэ, дэтхэнэми дя къэзыхьар тщIэжатэмэ, унагъуэм къыщыкIуащ: «Ислъамым пыншагъэхэри (зэныкъуэкъу, зэпыкIыж хуэдэхэр) щыIэнтэкъым. Хьэдисым къыщыкIуащ: «Алыхьым хьэлэлу къигъэщIахэм н

● ФокІадэм и 30-р Абхъаз Республикэм и Текіуэныгъэм и махуэщ

Абыхэм я псэхэр Апсны уафэгум щхьэщосыкІ

Зи гуГу сщІыну цІыхубзыр Апсны щІыналъэм щыпсэуу зымыщІыху цІыкІуми инми яхэту къыщІэкІынкъым. Абы тепсэлъыхьу зэхэпхынщ Куржы-Абхъаз зауэм хэта щІалэхэри, абыхэм я адэ-анэхэри. КъыщацІыху ар Урысейми, хамэщІ щыпсэу ди лъэпкъэгъухэми. «Зауэ блэкІам и акъужьыр къызэпыжьыкІ бзыльхугъэщ, зэбгъэщІыхумэ игъэзэ», жаІэу и цІэр къыщыраІуэм, «Хэт хъунУ, сыт хуэдэ фІыщІэ бгъэдэлъыр, щхьэ сепсэлъэн хуей», жысІэу сыщІэупщІэжат. Жэуапу игъэтыжам гущІэм зрегъэзаз: «Пщэдджыжь къэс мы уафэгумкІэ тщхьэщысыкІ ди зауэлІхэм я псэ налъэм ГъэсыкІуэ фащэ щыгщ абы. УщепсалъэкІэ къыбгурыІуэнущ, узыщымыгъуаззри и псалъэм фІэкІыпІэ имыІэу къыхэпхынущ», - жаІащ. НэгъуэщІ сыт къыпадзыжьын хуейт апхуэдэ псалъэр зыхуагъэфащэ бзыльхугъэр нэІуасэ къэпщІын щхьэкІэ? Сызытепсэлъыхьыр «Мамырыгъэмрэ захуагъэмрэ я телъхьэ абхъаз анэхэр» зэщІэхъееныгъэм и гуащэ, жылагъуэ лэжьакІуэ емыщыж Кичбэ Гулищ.

Абхъазым и Президент Хаджимбэ Раулрэ Кичбэ Гулирэ.

Сэтэней-Гуащэ и уэсий

Къыщылъэгуа меданым щегъэжьауэ къакІуэр зэры-Гулим гу лъыстат. И нэгум иль гупсэхугъэм и Іэпкълъэпкъ пщыкІутІым зрагъэша нэхьей зэпІэзэрыту, гумэщІыгъуэ гуэрми зэримыдзэу хуэмурэ къакІуэрт ар, къыздэкІуэми ясыешІэжьыкІэ зэрылэпыІуэтым, ялъэмыкІыу къызэрыхуеПлъэкІыжьым къыхигъэщырт. Зэрыуэркъ щыпхур и зыІыгъыкІэ псом къиІуатэрт. Пагагъ гуэри зэрыхэмылъыр, щІыхужкІэ гуэ-Іыуэ ин зэриІэр, щэхуу гъэпщкІуауэ гуэр зэрыкІуэщІыпІри асыхьэтми зыхэпщІэрт. Шэ фиям хуэдэу зэуэ си щхьэм хъищхьэрыуэ гупсысэр къызбгрэдзэ ныбжьыгъу щІалэхэм языхэзым си нэгум къриядыкІам хуэдэу къыздиІыгъащ: «Пэжщ, къакІуэр анэщ», жиІэри. «Сэтэней-гуащи ещхькъэ?» - пищащ абы етІуанэм, зэрыригушхуэр имыбзыщІу.

Гули къыщыхъуари щыпсэуари Сыхъумщ, абхъазхэм я жыІэкІэу Акъуэ къалэрщ. «Абхъаз бгырыс курыт еджапІэр» кьиуахыу, егъэджакІуэ Іэщ1агъэр щызрагъэгъуэту Сыхъум дэт институтри кхрихьэлІа нэужь, ар абхъаз тхакІуэхэмрэ лъэпкъ щэнхабзэм и лэжьакІуэхэмрэ я кІыщу, зэхуэсыпІэу щыт. Гулиа Дмитрий и цІэр зезыхьэ уна-музейм илъэс 18-кІэ щІэныгъэ лэжьакІуэ нэхъыжьу щылэжьащ. Сыт хуэдэ ІэнатІэ пэрмыиуваи, Гули бгъэдэлъ щІэныгъэмкІэ, Іэзхуу зыпэрытым хуэзгъэзауэ зыхицІэ пщдэжькІымкІэ, акъыл жаныгъэмкІэ къыхэщыт.

